



**OPERATÈ ETABLISMAN BWONZAJ YO:** Anvan bwonzaj la, nou dwe bay tout kliyan yo avètisman sa a. Eksepte pou kliyan ki te siyen deklarasyon avètisman nan sis mwa ki sot pase yo, chak kliyan dwe siyen deklarasyon avètisman an pou rekonèt yo konprann avètisman an. Operatè a dwe siyen deklarasyon avètisman an tou epi, lè li posib, yon temwen dwe siyen li pou verifye yo te bay avètisman an. Pou kliyan ki pa conn li yo, operatè a dwe li oswa kominike deklarasyon avètisman an ak kliyan an yon lòt fason, nan yon lang, ak fòm I ap ka konprann.

**KLIYAN BWONZAJ YO:** Anvan bwonzaj la, ou dwe revize deklarasyon avètisman sa a. Amwenske ou te siyen yon deklarasyon avètisman nan sis mwa ki sot pase yo, ou dwe siyen avètisman an pou rekonèt ou konprann avètisman an. Operatè a dwe siyen deklarasyon avètisman an tou epi, lè li posib, yon temwen dwe siyen li pou verifye yo te bay avètisman an.

#### DANJE - RADYASYON ILTRA-VYOLÈT

1. Swiv enstriksyon yo.
2. Evite ekspoze twò souvan oswa long. Menm jan ak limyè solèy natirèl la, lè ou ekspoze anba lanp solèy la sa kapab domaje zye ak po ou ak lakòz yon reyaksyon alèjik. Lè ou repete ekspoze, sa kapab lakoz domaj kwonik karakterize pa pli, sechrès, frajilite, po ou vinn metri, ak kansè po.
3. Mete linèt pwoteksyon. SI W PA METE OKENN PWOTEKSYON POU ZYE OU SA KAPAB BOULE ZYE OU GRAV OSWA DOMAJE ZYE OU ALONTEM .
4. Radyasyon ultravyolèt ki soti nan lanp solè yo agrave efè solèy la. Pa bwonze anba solèy la anvan oswa apre ou pran kontak ak radyasyon ultravyolèt.
5. Sèten manje, makiyaj, oswa medikaman tankou kalman, diretik, antibiyotik, medikaman pou tansyon wo, medikaman planin ak krèm pou po ka rann po ou vin anomal, sansib, ou boule. Konsilte yon doktè anvan ou sèvi ak yon lanp solèy si w ap pran medikaman, ou conn gen pwoblèm po oswa ou panse ou gen yon sansibilite ak limyè solèy. Po fanm ansent oswa fanm sou grenn planin ki itilize aparèy bwonzaj yo kapab chanje koulè.
6. SI OU PA BWONZE ANBA SOLÈY LA OU P AP BWONZE AK APARÈY SA A. Lè ou sèvi ak yon aparèy bwonzaj sa pa bay anpil pwoteksyon kont efè solèy la.

---

Siyati Kliyan

Dat

---

Siyati Operate Etablisman Bwonzaj la

Dat

---

Siyati Temwen an

Dat